MAKTABGACHA VA MAKTAB TA'LIMI VAZIRLIGI

PEDAGOGIK MAHORAT VA XALQARO BAHOLASH ILMIY-AMALIY MARKAZI

Respublika Ta'lim Markazi

2025-2026-OQIW JILINDA

ULÍWMA BILIM BERIW MEKTEPLERINIŃ

# 9-KLASS

OQIWSHILARI USHIN

# ÓZBEKSTAN TÁRIYXÍ

PÁNINEN JUWMAQLAW ATTESTACIYASIN ÓTKERIW BOYINSHA METODIKALIQ USINISLAR HÁM MATERIALLAR

**2025-2026 OQIW JILINDA ULÍWMA BILIMLENDIRIW MEKTEPLERINIŃ 9-KLASS OQÍWSHÍLARÍ USHÍN ÓZBEKSTAN TARIYXÍ PÁNINEN JUWMAQLAWSHÍ QADAǴALAWDA PAYDALANILATUǴÍN TEST TAPSÍRMALARÍNÍŃ SPECIFIKACIYASÍ**

Usı specifikaciyası ulıwma bilim beriw mekteplerinıń 9-klass oqıwshılarınıń Ózbekstan tariyxı páninen bilim, kónlikpe hám kompetenciyaların bahalawda paydalanılatuǵın test tapsırmalarının mazmunı, qamtılıwı, túri, forması, bahalaw kriteriyası hám ótkeriliw tártibine qoyilgan talaplardı sáwlelendiredi.

## I. Ulıwma principler

Bahalaw maqseti - 9-klass oqıwshılarınıń Ózbekstan tariyxı páninen bilim, kónlikpe hám kompetenciyaların ámeldegi dástúrlerde belgilengen oqıw maqsetleri tiykarında kompleksli bahalaw. Usı bahalaw nátiyjeleri tiykarında 9-klasslar ushın juwmaqlawshı mámleketlik attestaciyada qabıl etiletuǵın qararlar tiykarlanǵan (valid) bolıwın támiyinlew maqsetinde bahalawda validlik, isenimlilik, ádillik hám ashıq-aydınlıq principlerine ámel etiliwi támiyinlenedi.

## II. Normativlik tiykarlar

1. Ózbekstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministriniń 2008-jıl 4-marttaǵı 56-sanlı buyrıǵı menen tastıyıqlanǵan Ulıwma orta bilim alıwshılardıń juwmaqlawshı mámleketlik attestaciyası haqqındaǵı nızam
2. Ózbekstan tariyxı páninen 6-9-klaslar ushın ámeldegi oqıw dástúri
3. Ózbekstan Respublikası Mektepke shekemgi hám mektep bilimlendiriwi ministriniń 2026-jıl "2025-2026-oqıw jılında ulıwma orta bilim beriw mákemelerinde oqıwshılardıń juwmaqlawshı mámleketlik attestaciyasın shólkemlestiriw hám ótkeriw haqqında"ǵı 10-sanlı buyrıǵı

## III. Bahalaw qamtıwı hám ajıratılǵan waqıt

Oqıwshılar ushın Ózbekstan tariyxı pánin biliw dárejesin anıqlaw boyınsha juwmaqlawshı mámleketlik attestaciya sınaǵında jámi 5 tapsırma usınıladı. Juwmaqlawshı mámleketlik attestaciya sınaqları ushın **180 minut** waqıt berilgen. Tapsırmalardıń mazmun tarawi, bahalanatuǵın bilim, kónlikpe hám kompetenciyalar boyınsha bólistiriliwi tómendegi kestelerde sáwlelendirilgen:

| Mazmun tarawı | Konstruktlar | Tapsırmalar sanı |
|---|---|---|
| **Áyyemgi dunya tariyxı** | Áyyemgi tas dáwiri, olarga tiyisli mákan jaylardı táriyiplew, b.e.sh. VII ásirde Orta Aziyada payda bolǵan dáslepki mámleketlerdiń klassifikaciyasın túsindiriw, Zardushtiylik dini menen baylanıslı maǵlıwmatlardı anıqlaw, Ahamoniyler hám Aleksandr Makedonskiydiń Orta Aziyada húkimdarlıǵınıń ornatılıwı, Spitamenniń mártligi, Orta Aziyada antik mámleketlerdiń payda boliwin talqılaw, Ullı Jipek jolınıń qáliplesiwin sıpatlap beriw. | 1 |
| **Ózbekstannıń IV-XIII ásirler tariyxı.** | Birinshi renessans wákilleriniń ómiri hám dóretiwshilik jolların biliw hám túsindiriw, húkimdarlar, mámleketlik ǵayratkerlerdiń ishki hám sırtqı siyasatı, ámelge asırǵan reformalarınıń áhmietin táriyiplew, juwmaq shıǵarıw, tariyxıy shaxslardıń jumısı, mámleketlik basqarıw hám jámiettegi ózine tán ornın izbe-iz hám anıq kórsetiw. | 1 |
| **Ózbekstan tariyxınıń XIII-XV ásirler dáwiri.** | Usı dáwirde húkim súrgen Xorezmshahlar mámleketi, Shagatay ulısı, Temuriyler saltanatına baylanıslı maǵlıwmatlardı anıqlaw hám sáykeslestiriw, usı dáwirdiń mádeniy, sociallıq, ekonomikalıq tarawlarında júz bergen maǵlıwmatlardı salıstırıw hám túsindiriw, húkimdarlardıń ámelge asırǵan reformalarınıń mánisin parıqlaw, sıpatlaw. | 1 |
| **Ózbekstan tariyxınıń XVI-XIX ásirler dáwiri.** | Buxara hám Xiywa xanlıqlarında júz bergen waqiyalardı parıqlaw, Shaybaniyler húkimdarlarınıń ishki hám sırtqı siyasatına tiyisli maǵlıwmatlardı ajırata alıw, Mangitlerdiń hákimiyat basına keliwi, Qaraqalpaqlardıń kelip shıǵıwı, olardıń Rossiya menen baylanısları haqqındaǵı maǵlıwmatlardı táriyiplew, Qoqan xanlıǵında ámelge asırılǵan reformalar, xanlıqtıń sırtqı siyasatına tiyisli maǵlıwmatlardı túsindiriw. | 1 |
| **Ózbekstan tariyxınıń XVI-XIX ásirler dáwiri. (Awızeki)** | XVI-XIX ásirlerde júz bergen siyasiy proceslerdiń sebep hám aqibetlerin túsindiriw, alternativ sheshimler usınıs etiw, maǵlıwmatlardı karta menen túsindire alıw, waqıya-proceslerdi jıl hám sáneler menen kórsetiw, húkimdarlar tárepinen ámelge asırılǵan reformalardıń nátiyjesi haqqında pikir júrgiziw, Orta Aziya mámleketleriniń Rossiya menen baylanısları, Rossiyanın Oraylıq Aziyanı ózine boysındırıw jolındaǵı háreketleri haqqında pikir bildiriw, maǵlıwmatlardı aytıp beriwde kartadan paydalanıw. | 1 |
| **Jámi** | | **5** |

## IV. Kognitiv kónlikpeler boyınsha bólistiriliwi.

| Kognitiv dáreje | Túsindirme | Testler sanı (ta) |
|---|---|---|
| **Biliw (B)** | Biliw dárejesindegi, yagniy reproduktiv tapsırmalar, oqıwshıdan oqıw materialın qayta islemey yadta saqlaw hám tanıs jagdaylarda qollanıwdı talap etedi. Bul túrdegi tapsırmalar tómendegilerdi bahalaydı: nızamlıqlar, qásiyetler, túsinikler, atamalardıń mánisi hám olardı yadta saqlaw. | 2 |
| **Qollaw (Q)** | Qollaw dárejesindegi, yaǵnıy produktiv tapsırmalar, oqıwshıdan úyrenilgen nızam hám nızamlılıqlardı berilgen jaǵdayǵa sáykes túrde tańlaw, analizlew, salıstırıw, salıstırıw, bir neshe nızam hám nızamlılıqlardı bir waqıtta qollanıw hám ulıwmalastırıw, sonday-aq juwmaq shıǵarıwdı talap etedi. | 2 |
| **Pikirlew (P)** | Pikirlew dárejesindegi, yaǵnıy intellektual tapsırmalar, oqıwshıdan ózlestirilgen bilim hám kónlikpelerdi tanıs emes jaǵdaylarda qollanıw, analizlew, sintezlew, salıstırmalı salıstırıw, nızam hám nızamlılıqlardan paydalanıp ulıwmalastırıw hám juwmaq shıǵarıw talap etiledi. | 1 |

## V. Tapsırma túrleri boyınsha bólistiriliwi.

| TAPSÍRMA TÚRI | TÚSINIK | TAPSÍRMA SANÍ |
|---|---|---|
| Qısqa juwaplı tapsırma **(O1)** | sorawǵa qısqa gáp penen juwap beriwdi talap etetuǵin jazba tapsırmalar. | 2 |
| Sáykeslestiriwshi **(O2)** | soraw mazmunına sáykes juwaplardı sáykeslestiriwdi talap etiwshi jazba tapsırmalar. | 2 |
| Awızeki tapsırma - A | oqıwshınıń tariyx páninen bilimi, túsiniwi hám pikirdi logikalıq bayanlay alıw kónlikpesin anıqlawǵa qaratılǵan tapsırmalar. | 1 |

## VI. Bahalaw kriteriyası hám baldı bahaǵa aylandırıw tártibi.

Oqıwshılardıń jazba jumısları juwmaqlawshı mámleketlik attestaciya sınaqlarında maksimal 100 ball menen bahalanadı. Tapsırmalar ushın belgilengen ballar olardıń qıyınshılıq dárejesin, orınlawda talap etiletuǵın bilim, kónlikpe hám logikalıq pikirlew kólemin esapqa alǵan halda belgilengen. Tapsırmalar mazmunı hám qıyınshılıq dárejesine qarap túrli ball menen bahalanadı. Hár bir tapsırmanıń bahalaw ólshemi bahalaw formatında berilgen. Tómende balldı bahaǵa aylandırıw kestesi keltirilgen:

**Ballardı bahaǵa aylandırıw kestesi**

| Ball (%) | baha | Túsindirme |
|---|---|---|
| 0 – 29 | “2” | "qanaatlandırarsız" |
| 30 – 65 | “3” | "qanaatlandırarlı" |
| 66 – 85 | “4” | "jaqsı" |
| 86 – 100 | “5” | "úlgili" |

## VII. Bahalaw forması

Oqıwshınıń bilim, kónlikpe hám kompetenciyaların bahalaw basqıshı, bahalanatuǵın mazmun taraw, tapsırma túri, kognitiv process hám bahalaw kriteriyaları tómendegi kestede berilgen:

| Tapsırma tártip nomeri | Mazmun tarawi | Tapsırma túri | Kognitiv dárejesi | Bahalaw kriteriyi |
|---|---|---|---|---|
| 1. | Áyyemgi dúnya tariyxı | O1 | B | 18 ball |
| 2. | Ózbekstannıń IV-XIII ásirler tariyxı. | O1 | B | 18 ball |
| 3. | Ózbekstan tariyxınıń XIII-XV ásirler dáwiri. | O2 | Q | 21 ball |
| 4. | Ózbekstan tariyxınıń XVI-XIX ásirler dáwiri. | O2 | Q | 21 ball |
| 5. | Ózbekstan tariyxınıń XVI-XIX ásirler dáwiri. | A | M | 22 ball |
| **Jámi** | | **100 ball** | | |

## VIII. Imtixan tártibi

*Qadaǵan etilgen qurallar:* imtixan waqtında mobil telefon, smart saat, planshet yamasa esletpelerden paydalanıw qatań qadaǵan etiledi.

*Ádep-ikramlılıq hám tártip:* nusqa kóshiriw, járdem soraw yamasa járdem beriw, imtixan waqtında sóylesiw, ruxsatısız shıǵıw sıyaqlı jaǵdaylar qadaǵan etiledi.

Baqlawshı qaǵıydabuzarlıqtı anıqlaǵanda, akt dúzip, tıńlawshını testten shetletedi hám nátiyjesi biykar etiledi.

## IX. Usınılatuǵın tiykarǵı ádebiyatlar.

1. Áyyemgi dúnya tariyxı 6-klass. A.S. Sagdullayev, V.A. Kostetskiy, - Tashkent: "Yangiyul poligraf servis," 2022.
2. Ózbekstan tariyxı 7-klass A.Zamonov, N. Ismatova hám basqalar. - Tashkent: "Sharq," 2022.
3. Ózbekstan tariyxı 8-klass. A.Zamonov, N.Ismatova hám basqalar. Tashkent: Respublikalıq bilimlendiriw orayı, 2023.
4. Ózbekstan tariyxı 9-klass. N. Ismatova, U. Jwraev Tashkent: Respublika Bilimlendiriw orayı, 2024.

**1-sorawlar bazası**

1.
1. Qaraqalpaqstanda neolit dáwirine tiyisli Aqshadárya deltasınıń qubla tarmaqlarında, ishki Qızılqumnıń shıǵısı menen sıbaylas jerlerde jaylasqan mádeniyat atın jazıń;
2.Mádeniyatqa tiyisli bolǵan tiykarǵı mákán jaydı túsindiriń;
3. Esteliktiń ózine tán tárepin jazıń. (Biliw – 18 ball)

| Juwap: |
| --- |
| |
| |
| |
| |
| Ball: |

2.
1. B.e.sh. VI ásirdiń ortalarında «Úlken Xorezm» awqamı ıdıradı, onıń burıngı iyelikleriniń bir bólegi qaysı mámleket quramına ótken;
2. Orta Aziyanıń áyyemgi tariyxında kórnekli orın iyelegen «Úlken Xorezm» quramına qaysı aymaqlar kirgen;
3. Ahamoniyler hám massagetler patshası Tumaris ortasındaǵı urıs sebepleri hám nátiyjesin jazıń. (Biliw – 18 ball)

| Juwap: |
| --- |
| |
| |
| |
| |
| Ball: |

3.
1. Kangyuy dáwirindegi Xorezm mámleketiniń ayrıqsha kózge túsetuǵın házirgi Tórtkúl rayonında jaylasqan qalası ne dep ataladı;
2. Bul qala qanday wazıypanı atqarǵan;
3. Bul qaladan tabılǵan ıdıslardıń sırtına qanday mazmundaǵı súwretler salınǵanı haqqında maǵlıwmat beriń. (Biliw – 18 ball)

| Juwap: |
| --- |
| |
| |
| |
| |
| Ball: |

4.
1. Zardushtiylik dininiń muqaddes kitabı ne dep ataladı;
2. Bul dinnin tiykarǵı ideyası  qanday bolǵan ;
3. Usı dinge kóre, insan ólgennen keyin denesi arnawlı dóńisliklerge alıp barıp qoyılǵan  keyin bolsa ossuariylarǵa salınıp, kómilgen. Bunıń sebebin jazıń.
(Biliw – 18 ball)

| Juwap: |
|---|
| |
| |
| |
| |
| Ball: |

5.
Ahamoniyler basqarǵan  dáwirde Xorezm mámleketi  hám massagetlerdi basqarǵan hákimler ne dep atalǵan;
2. Ahamoniyler basqarǵan  dáwirde Xorezm mámleketi  hám massagetler neshinshi satraplıǵına  kirgen;
3. Satrap hákimleriniń wazıypası qanday bolǵan; (Biliw – 18 ball)

| Juwap: |
|---|
| |
| |
| |
| |
| Ball: |

6.
1. Arablar basqınshılıǵı dáwirinde Xorezmdi basqarıp atırǵan dinastiyanıń atın jazıń ;
2. Usı dáwirde Xorezmdi basıp alǵan arab áskerbasısınıń atın jazıń;
3. Arablardıń Xorezmdi basıp alıwın tezletip jibergen sebepti jazıń.
(Biliw – 18 ball)

| Juwap: |
|---|
| |
| |
| |
| |
| Ball: |

7.
1. Xorezmshah Mamun  qaysı qalada «Mamun akademiyası» shólkemlestirdi;
2. Bul akademiyada qaysı dańqlı eki alım xızmet alıp barǵan;
3. «Mamun akademyası» nıń óz xızmetin juwmaqlaw sebebin jazıń. (Biliw – 18 ball)

| Juwap: |
|---|
| |
| |
| |
| |
| Ball: |

8.
1. Mongollar basqınshılıǵı qarsańında Xorezmshaxlar mámleketi húkimdarınıń atı;
2. Mongollar húkimdarı Shıńǵısxan kúshli áskeriy kúshke iye bolmasada Xorezmshaxlar mámleketine bastırıp kiriwiniń sebebi;
3. Basqınshılıq  Qaraqalpaqstan jerlerinde qanday aqıbetler keltirip shıǵarǵanın jazıń. (Biliw – 18 ball)

| Juwap: |
|---|
| |
| |
| |
| |
| Ball: |

9.
1. Noǵay xanlıǵı kimniń basshılıǵında dúziledi bul tariyxıy shaxstıń atın jazıń ;
2. Bul mámlekettiń dúziliwine qaysı tariyxıy jaǵday tásir kórsetedi;
3. Bul mámlekettiń kúshsizlenip qalıwınıń sebebin jazıń. (Biliw – 18 ball)

| Juwap: |
|---|
| |
| |
| |
| |
| Ball: |

10.

1. «Evropanıń bazarı ushın kerek tawarlardıń hámmesi Úrgenish bazarlarınan tabıladı», — dep maǵlıwmat 8ergen kim;

2. Bul dáwirde Xorezmnen áhmiyetli xalıqaralıq sawda jolınıń ótiw sebebin jazıń;
3. XIV ásirdiń ortalarındaǵı Altın Ordada júz 9ergen siyasiy turaqsızlıq Xorezm mámleketinde qanday aqıbetlerdi keltirip shıǵarǵanın jazıń. (Biliw – 149 ball)

| Juwap: |
| --- |
| |
| |
| |
| |
| Ball: |

**2-sorawlar bazası**

1. Onıń shıǵarmaları biziń kúnimizge shekem awızsha túrde jetip kelgenligi sebepli shıǵarmalarınıń az ǵana bólimi bizge miyras bolıp qalǵan. Onıń bizge jetip kelgen tolǵawları poemalarınıń mazmunı onıń tereń oylı, sheber sózli shayır ekenligin kórsetedi. Ol óziniń shıǵarmaları arqalı óziniń jasaǵan dáwirindegi xalıqtıń awır tágdirine dártles bolıw arqalı xalıqtı jigerli bolıwǵa jeteleydi. (Biliw -18 ball)

| Juwap: |
| --- |
| |
| |
| |
| |
| Ball: |

2. XIX ásirdegi qaraqalpaq shayırları ózleriniń shıǵarmalarında Xiywa xanlıǵında bolǵan siyasiy waqıyalardı ózleriniń poeziyalıq shıǵarmalarında jazıp bardı. Xalıqtıń kún kórisi, xojalıǵı, toy-merekeleri, arzıw-ármanları óz sáwleleniwin tapqan. Xiywa xanlıǵında jasaǵan xalıqlardıń turmısın kórsetken. Ol qaraqalpaq diyqanların, sharwalarınıń, balıqshılarınıń
awhalın jırlaytuǵın shıǵarmalar dóretken. Xiywa qalasında ótkerilgen sóz ustalarınıń jarısına shaqırtılǵan. (Biliw -18 ball)

| Juwap: |
| --- |
| |
| |
| |
| |
| Ball: |

3. Qaraqalpaq shayırlarınıń arasında eń joqarı dárejeli bilimge iye bolǵan. Ol Xiywa qalasındaǵı joqarı bilim orayı bolǵan medreseni oqıp pitkergen. Bul

medresede óz waqtında ullı túrkmen shayırı Maqtumqulı da bilim alǵan. Shıǵıs xalıqlarınıń lirikasın úyrengen. Xalıq turmısınan alıp, ájayıp shıǵarmalar dóretken. Ol Qazaqstanda, Rossiya mámleketiniń aymaqlarında, Orenburg, Bashqurstan, Tatarstan jerlerinde bolǵan. Onıń qazaqtıń shayır qızı Qız Meńesh penen aytısı Qazaqstan, Ózbekstan aymaqlarında keń taralǵan. Bul úlken tariyxıy shıǵarmalar qaraqalpaq xalqınıń tariyxın úyreniwde úlken áhmiyetke iye bolıp esaplanadı. (Biliw -18 ball)

| Juwap: |
| --- |
| |
| |
| |
| |
| Ball: |

4. Qaraqalpaq mádeniyatı, tariyxında kórnekli orın iyelegen shayır 1827-jılı Aral teńizi aymaǵında tuwılıp, 1900-jılı 73 jasında qaytıs bolǵan. Óziniń jaslıq jılların diyqanlar, balıqshılar arasında ótkerip, kóplegen dástanlar, qosıqlar dóretken. Ol jas waqtınan baslap xalıq arasında tarqalǵan Nawayınıń, Ferdawsiydiń, Fizuliydiń hám basqa da musılman xalıqlarınıń shıǵarmaların qızıǵıp úyrengen. Óziniń tuwılǵan jerindegi diniy oqıw ornın tamamlaǵan. Onıń sanalı ómiri qaraqalpaqlardıń Xiywa xanlıǵınıń quramında bolǵan dáwirine sáykes keledi. Óziniń shıǵarmasında qaraqalpaq hayal-qızlarınıń mártligin,
gózzallıǵın táriyipleydi. Qaraqalpaq xalqınıń kelip shıǵıw tariyxın poeziyalıq til menen súwretlengen. (Biliw -18 ball)

| Juwap: |
| --- |
| |
| |
| |
| |
| Ball: |

5. Ol *óz* qosıǵında patsha húkimetiniń koloniallıq basqarıw siyasatın áshkaralaydı hám bir pútin el bolıp jasap atırǵan qaraqalpaq xalqınıń Rossiya basıp alıwı nátiyjesinde ekige bólinip qalǵanlıǵına narazılıǵın bildiredi. Shayır koloniallıq siyasattıń aqıbetinde xalıq asharshılıqqa duwshar bolǵanın kórsetip, óziniń qosıǵın jazadı (Biliw -18 ball)

| Juwap: |
| --- |
| |
| |
| |
| |

| Ball: |
|---|

6. Ol Rossiya patshasınıń 1916-jılğı Ámiwdárya bóliminen márdikarlıqqa adam alıw haqqındağı pármanına qarsı shıqtı hám xalıqtı oğan qarsı kóteriliske shaqırdı. Ol
óziniń qosığında «Ǵáripti zarlatıp, baydı qollasa, onday zalım patsha nege dárkar» - deydi. (Biliw -18 ball)

| Juwap: |
|---|
| |
| |
| |
| |
| Ball: |

7. Bul kóterilis haqqında Berdaq, Ótesh shıǵarmalarında bayan etilgen. Xalıqtıń sociallıq jaǵdayı tómenlep ketiwi nátiyjesinde qaraqalpaqlar salıq tólewden bas tartıp kóteriliske shıǵadı. Xiywa xanına qas bolıp júrgen ol  bul jaǵdaydan óz maqsetinde paydalanıp, kóterilisshilerge basshılıqtı óz qolına aladı. Aral teńiziniń boyında Sarıataw
degen jerge jıynap másláhát ótkeredi.  Óziniń eki balasın: Írza hám Tóreni 300 batırǵa bas etip, Qońırat qorǵanına shabıwılǵa jiberedi. Shabılıw sátsizlikke ushıraǵan. xan áskerleri kóterilisshiler áskerlerine salıstırǵanda basım bolıp, bul sawashta jeńip shıǵadı. Qorǵan alınıp, kóterilisshilerden tiri qalǵanları tutqınǵa túsirilgen. (Biliw -18 ball)

| Juwap: |
|---|
| |
| |
| |
| |
| Ball: |

8. Xiywa xanı Qutlımuratqa baǵınıwdan bas tartıp, túrkmenler ózlerine Atamurattı xan kóterip kóteriliske shıqsa, usı jılı noyabrde qaraqalpaqlar arasında da kóterilis payda boladı. Kóteriliske shekem qaraqalpaqlar arasında abıroyǵa iye biy bolǵan. Kóteriliske shıǵarda pútkil qaraqalpaqlardıń biyleri jıynalıp Xiywa xanına qarsı urısıwǵa, óz aldına xanlıq dúziwge bel baylap kelisim dúzedi. Bul kelisimge kelgen 60 biy bir alma bizge ant bolsın dep alpısı bir almanı teń bólip jep, biri-birine sadıqlıqqa ant etedi. Háreketke xanlıq status beriw maqsetinde Zarlıq tóreni xan kóteredi. Orayı Ámiwdáryanıń oń jaǵalıǵında Shımbaydıń qubla-batısında 30 shaqırım qashıqlıqta jaylasqan Jańabazarda bolǵan jańadan dúzilgen qaraqalpaq xanlıǵı Xiywa xanlıǵına qarsı urısta koaliciya dúziwge erisedi. Seydmuxammed xan túrkmenlerdiń bir bólegin baǵındırıp, kóterilisshilerdiń birlesken kúshine sheshiwshi

soqqı bergennen keyin kóterilis basshıları arasında jekkeleniwshilik payda boladı. Ol óziniń dógeregine jıynalǵan sadıq qurallasları menen 700 úyli xojalıq bolıp, Qazaqdáryanıń teńizge quyarlıǵında bekkem qorǵan saldıradı. Kóterilis basshısı qıyanetshilik penen satqınnıń atqan oǵınan qazalanadı. Tek usınnan soń ǵana qala Xiywa áskerleri tárepinen qolǵa kirgiziledi (Biliw -18 ball)

| Juwap: |
| --- |
| |
| |
| |
| |
| Ball: |

9. Qońırat qalasında payda bolǵan kóterilis. Qońırat hákimi Qutlımurattıń xalıqtı basqarıwdaǵı biybastaqlıǵı tiykarǵı sebep boldı. Qońıratlılar qala hákimi Qutlımuarattı hádden tıs zulımlıǵı sebepli oǵan qarsı til biriktirip, onı óltiredi. Ol Qońırat qalasın óz xanlıǵı paytaxtına aylandırıp, mámleketlik basqarıw sistemasın, qorǵanıw dúzimin iske asırıwǵa háreket etedi. Óz xanlıǵınıń áskeriy qúdiretin keńeytiw maqsetinde túrkmenler kósemi Atamurat xan menen kelisim dúzedi. Túrkmen nókerleriniń kóbeyip ketiwi nátiyjesinde kóterilis basshısı túrkmen ásker basılarınıń tásirine túsip qalıp, óziniń siyasiy basqarıw islerinde ǵárezsizligin joytadı. Patriotları bolǵan el aǵaları jetisip shıqqan. Olar endi Xiywa xanı tárepine ótip xalqın qırǵınnan aman alıp qalıwǵa háreket qılǵan. Solardıń biri Molla Pirim bolǵan. Aral flotiliyası komandiri A.I.Butakov «Perovskiy» paraxodı hám eki barjası menen, Qońırattı qolda uslap turıw ushın belgilengen piyada áskerlerdi tiyep, Aral teńizi arqalı ótip, Ámiwdáryanı órlep júzip, Qońıratqa kelgen.
Kóp uzamay kóterilis basshısı til biriktiriwshiler tárepinen óltiriledi. Bul til biriktiriiw Xiywa xanı kórsetpesi arqalı iske asırıladı. Qońırat Xiywaǵa birlestirilgen. (Biliw -18 ball)

| Juwap: |
| --- |
| |
| |
| |
| |
| Ball: |

10. 1856-jılı Qoqanǵa elshi retinde mańǵıt ruwınan Sayıpnazar biy barıp qaytqan bolsa, al bunnan keyin Qoqanǵa elshi retinde kenegesten Ernazar biy, qıpshaqtan Erejep biyler barıp qaytadı. Bul biyler 1873-jılǵa shekem, qaraqalpaqlar arasında eń joqarı hám juwapkerli xızmet orınların iyelep, Xiywa xanlarına shın kewli menen xızmet etip kelgen. Biylerdiń atalıqlardıń, beglerbegi hám olardıń orınbasarlarınıń xızmetlerine baqlaw júrgiziw, xan menen tikkeley islesetuǵın, eń joqarǵı hámeldi iyelegen. (Biliw -18 ball)

| Juwap: |
|---|
| |
| |
| |
| |
| Ball: |

**3-sorawlar bazası**

1. Tómendegi mámleketlerdi olardıń siyasiy turmısına tiyisli maǵlıwmatlar tiykarında sáykeslestiriń. (Qollaw – 21 ball)

| | |
|---|---|
| 1. Xorezmshahlar mámleketi | a) Saltanat úlken imperiyaǵa aylandı. Mawarawnnaxrda qaraxaniyler basqarıwına shek qoydı hám de Irannıń Kirman wálayatın, Mikrondı, keyin Balujistandı iyelewge eristi. |
| 2. Shaǵatay ulısı | b) Onıń haqıyqıy tiykarshısı Alǵuxan boldı. Alǵuxan Túrkstan hám Awǵanstandı qolǵa kirgizip, ózin ǵárezsiz dep járiyaladı hám xanlıqtıń dáslepki irge tasın qoydı. |
| 3. Ámir Temur mámleketi | c) monǵollarǵa qarsı 11 jıl dawamında Xorasan, Hindistan, Iran,Irak hám Kavkaz aymaqlarında tınımsız gúres alıp barıldı, Baǵdat xalifası hám Kóniya sultanı Alawuddin Qayqubad sıyaqlı shaxslar menen de gúresiwine tuwra keldi. |
| | d) Saltanatta mámleket baslıǵı sıpatında Shıńǵıs áwladınan Suyurǵatmishxan hám onıń balası Sultan Maxmudxan xanlıq ataǵına tastıyıqlanǵan bolsada, ámelde olar «quwırshaq» xanlar edi. |

| 1 | 2 | 3 |
|---|---|---|
| | | |
| Ball: | | |

2. Tómendegi sawashlardı olardıń nátiyjelerine qarap sáykeslestiriń. (Qollaw – 21 ball)

| | |
|---|---|
| 1. Irǵiz sawashı | a) Jalaliddin Mánguberdi monǵollardıń Taynol noyan basshılıǵındaǵı áskerlerin jeńdi. |
| 2. Basra janındaǵı sawash | b) Baǵdat xalifası Nasırdıń Jalaliddin Mánguberdige qarsı jibergen 20 mıńlıq armiyası Basra janındaǵı sawashta qıyratıladı. |

| | |
|---|---|
| 3. Isfaxan janındaǵı sawash | c) Kóniya, Jazira, Damashq hám Mısırdıń birlesken armiyası Jalaliddin Mánguberdi kúshlerin jeńiliske ushırattı. |
| | d) Xorezmshah dushpannıń qısımına shıday almadı, onı Jalaliddinniń arnawlı áskerleri dushpanǵa bergen awır soqqı qutqarıp qaldı. |

| 1 | 2 | 3 |
|---|---|---|
| | | |
| Ball: | | |

3. Qalalardı olardıń mongollarga qarsı qorganıwına tiyisli magliwmatlar tiykarında sáykeslestirin. (Qollaw – 21 ball)

| | |
|---|---|
| 1. Otırar qorǵanıwı | a) qala turǵınları qalanı saqlap qalıw niyetinde óz ara másláhátlesip,Badriddin basshılıǵında bir topar aqsaqallar Shıńǵısxannıń qabıllawına baradı. |
| 2. Buxara qorǵanıwı | b) Sultan Muhammed Xorezmshah 40 mıń ǵur jawıngerin óziniń dayısı Taǵayxan basshılıǵında qorǵanıwı ushın juwapker etip qaldırdı. |
| 3. Samarqand qorǵanıwı | c) qorǵawshılar qalanı bes ay dawamında óz qollarında uslap turdı. Ǵayırxan ózin Shıńǵısxan sawdagerleri hám kárwanbasıların óltiriwde ayıplı sezip, sońǵı nápesine shekem dushpanǵa qarsı gúresti. |
| | d) Qala Sırdáryanıń ekige bólingen jerinde qurılǵan bolıp, átirapındaǵı tik jarlar hám dárya tábiyiy qorǵanıw wazıypasın atqarǵan. |

| 1 | 2 | 3 |
|---|---|---|
| | | |
| Ball: | | |

4. Tómendegi shaxslardı olardıń mongollarga qarsı kórsetken erligi haqqındaǵı maǵlıwmatlar tiykarında sáykeslestiriń. (Qollaw – 21 ball)

| | |
|---|---|
| 1. Temur Malik qaharmanlığı | a) 12 qayıq islenip,jandırılǵan oqjay oǵı ótpewi, janıp ketpewi ushın onıń ústi kiyiz benen qaplanıp, sirke (uksus) súrtilgen ılay menen sıbap shıǵıldı. Usı qayıqlar járdeminde mongol armiyasına qarsı gúres alıp bardı. |
| 2. Najmiddin Kubra qaharmanlığı | b) Valiyon qorǵanın qamal qılıp atırǵan mongol armiyasına hújim qılıp, olardı qıyratqan. Sol arqalı dushpan ústinen dáslepki iri jeńiske erisken. |
| 3. Kókxan qaharmanlığı | c) 76 jasında mongollarǵa qarsı sawash alıp bardı.Ólimi aldınan mongol nókerlerine taslanıp, onı jer tisletti hám ózide qaytıs boldı. |
| | d) Buxara qorǵanıwıda qatnasqan. Bir hújim menen bir neshe dushpandı birden óltirgen hám hújim qılǵanlardı sheginiwge májbúrlegen. |

| 1 | 2 | 3 |
|---|---|---|
| | | |
| Ball: | | |

5. 3. Tómendegi tariyxıy dereklerdi olardıń mazmunına baylanıslı maǵlıwmatlar tiykarında sáykesleń. (Qollaw – 21 ball)

| | |
|---|---|
| 1. Abulǵazı Bahadurxannıń «Shajarayi turk» shıǵarması | a) Shıńǵısxannıń wásiyatına kóre, mongollar bir jılda bir mártebe “toy” dep atalatuǵın ziyapatqa jiynalıwı bayan etilgen. |
| 2. Alawuddin Juvayniydiń «Tarixi jahongusho» shıǵarması | b) Jalaliddin Mánguberdi “biydayreń, orta boylı, túrkiy kelbetli hám túrkiyde sóyleytuǵın adam” bolǵanlıǵı aytıp ótilgen. |
| 3. Shihabiddin Nasaviydiń «Siyrat as-sulton Jaloliddin Mangburni» shıǵarması | c) Buxara qorǵanıwı waqtında Kókxan atlı bahadırdıń erligi hám onıń bir bir hiylede birneshe dushpandı birden óltirip hám hújim etkenlerdi artqa sheginiwge májbúr etkenligi bayan etilgen. |
| | d) Otırar hákiminiń bir tanısı onı Ǵayırxan demey, Inalshıq dep aytıwı hám Ǵayrxannıń bunnan ǵázeplengeni bayan etilgen. |

| 1 | 2 | 3 |
|---|---|---|
| | | |

| Ball: |
|---|

6. Elshiler hám olarǵa tiyisli maǵlıwmatlardı ózara sáykeslendiriń. (Qollaw – 21 ball)

| | |
|---|---|
| 1. Bahawuddin Raziy | a) Amir Temur tárepinen Xorezmdi tınıshlıq jolı menen mámleket quramına kirgiziw maqsetinde *Gurganj*ge jiberildi. |
| 2. Alafa tavoshı | b) Shıńǵısxan tárepinen Sultan Muhammed Xorezmshah aldına Otırar hákimi Inalshıqtı monǵollar qolına tapsırıw talabı menen barǵan. |
| 3. Hajı Sayfiddin | c) Elshilik sebeplerinen biri mongollardıń Tamǵash,Tókir, Tibet mámleketleri, Chin (Qıtay) ıqlımı, Uzaq Shıǵıstaǵı basqınshılıǵı haqqındaǵı xabarlar haqqında isenimli adamlar arqalı anıq maǵlıwmatlar jıynaw bolǵan. |
| | d) Amir Temur tárepinen Xirat húkimdarı Malik Ǵiyasiddin Pir Ali aldına elshi qılıp jiberilgen. |

| 1 | 2 | 3 |
|---|---|---|
| | | |
| Ball: | | |

7. Shaǵatay ulısı tariyxına tiyisli atamalar hám olardıń mánislerin ózara sáykeslestiriń. (Qollaw – 21 ball)

| | |
|---|---|
| 1. Shulen | a) Shabarmanlar,jolawshılar at almastıratuǵın orın. |
| 2. Yom | b) kóshpeliler ónim túrinde tóleytuǵın salıq |
| 3. Baqsı | c) húkimdarlardıń arnawlı pármanları hám jeńisli xabarlardı jazıw menen shuǵıllanǵan xatkerler. |
| | d) húkimdardıń ásker toplawǵa qaratılǵan arnawlı buyrıǵı (pármanı). |

| 1 | 2 | 3 |
|---|---|---|
| | | |
| Ball: | | |

8. Amir Temur mámleket basqarıwına tiyisli lawazımlar hám olardıń wazıypasın óz ara sáykeslestiriń. (Qollaw – 21 ball

| | |
|---|---|
| 1. Muftiy | a) Barlıq sudlarda qazılarǵa puqaralıq hám jınayat isleri boyınsha sheshimdi bergen. |
| 2. Arızbegi | b) Pútkil imperiya boyınsha ádil sudlaw jaǵdayına juwapker bolǵan. |
| 3. Arkbegi | c) túrli rásmiy máresimlerdi shólkemlestirgen hám ótkizgen. |
| | d) mámleket abadanshılıǵın ,áhimiyetli jumıslardan qaysı biri pitkenin qadaǵalaǵan. |

| 1 | 2 | 3 |
|---|---|---|
| | | |
| Ball: | | |

9. Aqsha reformaları hám olarǵa tiyisli maǵlıwmatlardı óz ara sáykeslestiriń. (Qollaw – 21 ball

| | |
|---|---|
| 1. Masudbek aqsha reforması | a) pullar xalıq arasında «fulusi adliya», yaǵnıy «ádalatlı pullar» atı menen dańqqa eris ken. Jańa fuluslar ishki kótere sawda ushın keń jol ashadı. |
| 2. Kebekxannıń aqsha reforması | b) Mawarawnnaxrdıń 16 qala hám wálayatında birdey salmaqtaǵı hám joqarı bahalı sap gúmis teńgeler quydırıp,olardı aylanısqa shıǵardı. |
| 3. Mırza Uluǵbek aqsha reforması | c) aldın shıǵarılǵan bir gúmis teńge ornına endi qunı birdey bolǵan kishi dirhamlar hám iri dinarlar shıǵarıldı. |
| | d) mámleket tariyxında dáslepki ret qaǵaz pullar aylanısqa shıǵarılıp, mayda qun ushın mıs tengeler xızmeti de saqlap qalındı. |

| 1 | 2 | 3 |
|---|---|---|
| | | |
| Ball: | | |

10. Amir Temur baǵları hám olarǵa tiyisli maǵlıwmatlardı óz ara sáykeslestiriń. (Qollaw – 21 ball)

| | |
|---|---|
| 1. Baǵı Beyish | a) Samarqandtan 13 km qublada bolǵan. Ámir Temur bul baǵda jeńisli júrislerden kelgennen soń dem alǵan, sırt el elshilerin qabıllaǵan. |
| 2. Baǵı Maydan | b) Shopanata tóbeligi eteginde, |

| | |
|---|---|
| | Samarqandtıń arqasında jaylasqan. Mırza Ulıǵbek usı baǵdı jánede abat qılǵan. |
| 3. Baǵı Dáwletabat | c) Saqıpqıran Samarqandtıń batısında súyikli hayalı Xayrunnisaǵa atap qurdırǵan. Ayırım jazba dereklerde «Baǵı jánnet » atı menen ataladı. |
| | d) Samarqandtan 5 km shıǵısta, Panjikent jolınıń oń tárepinde jaylasqan. Ámir Temurdıń hayallarınan biri Tukal xanım húrmetine qurılǵan. |

| 1 | 2 | 3 |
|---|---|---|
| | | |
| Ball: | | |

**4-sorawlar bazası**

1. Sanlar astında jasırınǵan durıs juwaptı jazıń. (Qollaw – 21 ball)

| Jıl | Shaxs | Waqiya |
|---|---|---|
| 1501-jıl | 1. ____________ | Zahiriddin Muhammed Babur menen bolǵan sawashta jeńip shıqtı. |
| 2. ____________ | Omar Shayıq | Xorezmde safaviylerge qarsı baslanǵan xalıq háreketine basshılıq qıldı. |
| 1709-jıl | Shahruxbiy | 3. ____________ |

| Juwap | |
|---|---|
| 1 | |
| 2 | |
| 3 | |
| **Ball** | |

2. Sanlar astında jasırınǵan durıs juwaptı jazıń. (Qollaw – 21 ball)

| Jıl | Shaxs | Waqiya |
|---|---|---|
| 1510-jıl | Shaybaniyxan | 1. ____________ |
| 1733-jıl | 2. ____________ | Samarqand, Jizzax hám Kattaqorǵandı, yaǵnıy ashtarxaniyler iyeliginde bolǵan áhmiyetli jerlerdi de óz basqarıwına alıwǵa erisedi. |

| | | |
|---|---|---|
| 3. __________ | Muhammed Amin | hákimiyattı qolǵa alıwı nátiyjesinde Xorezmde qońıratlar dinastiyasınıń rásmiy húkimdarlıǵı baslanadı. |

| Juwap | |
|---|---|
| 1 | |
| 2 | |
| 3 | |
| **Ball** | |

3. Sanlar astında jasırınǵan durıs juwaptı jazıń. (Qollaw – 21 ball)

| Jıl | Shaxs | Waqiya |
|---|---|---|
| 1533-jıl | 1. ________ | Hákimiyattı iyeledi hám óz húkimranlıǵı dáwirinde ishki kelispewshiliklerge tıyım saldı. |
| 2. ________ | Arab Muhammedxan | ulları Xabash hám Elbars sultanlar taxt talasıp oǵan qarsı urıs baslaydı. |
| 1758-jıl | Erdanaxan | 3. ____________ |

| Juwap | |
|---|---|
| 1 | |
| 2 | |
| 3 | |
| **Ball** | |

4. Sanlar astında jasırınǵan durıs juwaptı jazıń. (Qollaw – 21 ball)

| Jıl | Shaxs | Waqiya |
|---|---|---|
| 1. __________ | Ubaydullaxan | Mámleket paytaxtın Samarqandtan Buxara qalasına kóshiredi. Sol jıldan baslap Shaybaniyler mámleketi Buxara xanlıǵı dep atalatuǵın boldı. |
| 1831-jıl | 2. ______________ | Qoqan xanlıǵında beglerbegi ataǵı shólkemlesti riledi |
| | | 3. |

| | | |
|---|---|---|
| 1912-jıl | Yusupbek Bayaniy | __________________ |

| Juwap | |
|---|---|
| 1 | |
| 2 | |
| 3 | |
| **Ball** | |

5. Sanlar astında jasırınǵan durıs juwaptı jazıń. (Qollaw – 21 ball)

| Jıl | Shaxs | Waqiya |
|---|---|---|
| 1509-jıl | Shaybaniyxan | 1. __________________ |
| 1821-jıl | 2. _______ | Omarxannıń buyrıǵı menen, 63 shayırdıń qosıqların óz ishine qamtıǵan "Majmuayi shoiron" toplamın dúzedi. |
| 3. _________ | Muhammed Aminxan | Saraxs janındaǵı sawashta nabıt bolǵanlıǵı sebepli Kelteminar qurılısı toqtatılǵan. |

| Juwap | |
|---|---|
| 1 | |
| 2 | |
| 3 | |
| **Ball** | |

6. Sanlar astında jasırınǵan durıs juwaptı jazıń. (Qollaw – 21 ball)

| Jıl | Shaxs | Waqiya |
|---|---|---|
| 1. _________ | Muhammed Shaybaniyxan | Úrgenishti iyelep,Xorezmde de temuriyler dinastiyası basqarıwın saplastıradı. |
| 1640-jıl | Imamqulıxan | 2. _____________ |
| 1831-jıl | 3. _________ | Pekin menen qol qoyılǵan kelisimge góre Qashqardaǵı xalıq aralıq sawda tolıq Qoqan qadaǵalawına ótedi. |

| Juwap | |
|---|---|
| 1 | |
| 2 | |
| 3 | |
| **Ball** | |

7. Sanlar astında jasırınǵan durıs juwaptı jazıń. (Qollaw – 21 ball)

| Jıl | Shaxs | Waqiya |
|---|---|---|
| 1593-jıl | 1. ____________ | Pútkil Xorezmdi boysındırıwǵa erisedi. |
| 1708-jıl | Ubaydullaxan II | 2. ____________ |
| 3. ____________ | Musılmanqul | Oshtaǵı kóterilisti bastırıw ushın jiberildi. |

| Juwap | |
|---|---|
| 1 | |
| 2 | |
| 3 | |
| **Ball** | |

8. Sanlar astında jasırınǵan durıs juwaptı jazıń. (Qollaw – 21 ball)

| Jıl | Shaxs | Waqiya |
|---|---|---|
| 1731-jıl | M. Tevkelev | 1. ____________ |
| 2. ____________ | Muhammed Rahimbiy | Buxarada hákimiyattı tolıq iyeleydi. |
| 1819-jıl | 3. ____________ | Onıń pármanı menen Yangiariq kanalı jáne uzayttırılıp, onıń uzınlıǵı 120 shaqırımǵa jetkiziledi. |

| Juwap | |
|---|---|
| 1 | |
| 2 | |
| 3 | |
| **Ball** | |

9. Sanlar astında jasırınǵan durıs juwaptı jazıń. (Qollaw – 21 ball)

| Jıl | Shaxs | Waqiya |
|---|---|---|
| 1428-jıl | 1. ________________ | Sibirdiń batısındaǵı Tura qalasın basıp aladı hám onı mámleket paytaxtına aylandıradı. |
| 2. ___________ | Anushaxan | Buxara xanı Abdulazizge qarsı sawash ta qaharmanlıq kórsetip, sawash táǵdirin xiywalılar paydasına sheshedi hám ákesin ólimnen saqlap qaladı. |
| 1852-jıl | Musılmanqul | 3. ___________________ |

| Juwap | |
|---|---|
| 1 | |
| 2 | |
| 3 | |
| **Ball** | |

10. Sanlar astında jasırınǵan durıs juwaptı jazıń. (Qollaw – 21 ball)

| Jıl | Shaxs | Waqiya |
|---|---|---|
| 1686-ıl | 1. ________________ | Subhanqulıxan menen bolıp ótken sawashta júdá úlken shıǵın menen sheginedi hám til biriktiriwshiler tárepinen óltiriledi. |
| 1837-jıl | Ámir Nasrulla | 2. ________________________________________ |
| 3. _________ | Perovskiy | Aqmeshit basıp alındı hám qorǵan hákimi Tórequl (Abdul Vali) hám qorǵan qorǵawshıları nabıt boladı. |

| Juwap | |
|---|---|
| 1 | |
| 2 | |
| 3 | |
| **Ball** | |

**5-sorawlar bazası**

1. Temuriy shahzadalardıń Shaybanıyxanǵa qarsı gúreste birlese almaǵanlıǵınıń sebebi hám aqıbetlerin túsindiriń.
– Shahzadalardıń birlese almaw sebeplerin aytıń. ;
– Ózara awqamǵa birlese almaǵanlıǵınıń aqıbetlerın túsindiriń;
– Bar bolǵan  jaǵday boyınsha alternativ sheshimlerińizdi aytıp beriń ;
– óz pikirlerinizdi karta járdeminde túsindiriń. ;
– temaga tiyisli jıl hám sánelerden mısal keltiriń.  (Pikirlew – 22 ball)

| |
|---|
| Awızeki juwap |
| Ball: |

2. Mámlekettiń birden-bir orayǵa birlesiwi mámlekettiń siyasiy, ekonomikalıq hám sociallıq turmısına unamlı tásir kórsetiwin Abdullaxan II mısalında túsindirip beriń.
– Abdullaxan II húkimdarlıǵı dáwirindegi siyasiy procesler haqqında aytıp beriń. ;
– Abdullaxan II niń mámlekettiń ekonomikalıq rawajlanıwına qosqan úlesin túsindiriń. ;
– mámlekettiń sociallıq turmısında oraylıq hákimiyattıń ornı haqqında maǵlıwmat beriń. ;
– óz pikirlerinizdi karta járdeminde túsindiriń;
– temaǵa tiyisli jıl hám sánelerden mısal keltiriń. (Pikirlew – 22 ball)

| |
|---|
| Awızeki juwap |
| Ball: |

3. Buxara ámirligi, Xiywa xanlıǵı hám Qoqan xanlıǵı mádeniyatınıń uqsas hám ayırmashılıq táreplerin aytıp beriń.
– úsh mámleket mádeniyatınıń uqsas hám parıqlı táreplerin aytıń;
– mámleketlerdiń mádeniy tarawda ústinligi yaki artta qalıw sebeplerin sanań;
– mádeniy rawajlanıw ushın alternativ sheshimlerińizdi aytıń;
– úsh mámleket shegaraların karta járdeminde túsindiriń;
– temaǵa tiyisli jıl hám sánelerden mısal keltiriń. (Pikirlew – 22 ball)

| |
|---|
| Awızeki juwap |
| Ball: |

4. XIX ásirdiń ekinshi shereginde Qoqan xanlıǵında siyasiy hám sociallıq krizislerdiń júzege keliwiniń sebepleri hám aqibetlerin túsindiriń.
– siyasiy hám sociallıq krezisler sebeplerin aytıń;

– oraylıq hákimiyat pıtırańqılıǵınıń aqıbetlerin aytıp beriń;
– bar bolǵan jaǵday boyınsha alternativ sheshimlerińizdi aytıń;
– óz pikirlerinizdi karta járdeminde túsindiriń;
– temaǵa tiyisli jıl hám sánelerden mısal keltiriń. (Pikirlew – 22 ball)

| |
|---|
| Awızeki juwap |
| Ball: |

5. Xiywa xanlıǵında mámleketlik basqarıw tarawında ámelge asırılgan reformalardıń mazmun-mánisin túsindiriń.
 – reforma ótkeriliw sebeplerin aytıń;
–reforma ótkergen húkimdarlar hám olardıń reformalar mazmunınıń áhimiyetin aytıp beriń;
– bar bolǵan jaǵday boyınsha alternativ sheshimlerińizdi aytıń;
– reformashı húkimdar dáwirindegi mámleket shegaraların kartadan kórsetiń;
– temaǵa tiyisli jıl hám sánelerden mısal keltiriń. (Pikirlew – 22 ball)

| |
|---|
| Awızeki juwap |
| Ball: |

6. Rossiya imperiyasınıń Xiywa xanlıǵına qarsı jibergen áskeriy ekspediciyalarınıń sebepleri hám oniń nátiyjelerin túsindiriń.
– áskeriy ekspediciyalar shólkemlestiriw sebeplerin aytıń;
– A.Bekovich-Cherkasskiy hám V.Perovskiy áskeriy júrisleriniń nátiyjelerin aytıp beriń;
– bar bolǵan jaǵday boyınsha alternativ sheshimlerińizdi aytıń;
– óz pikirlerinizdi karta járdeminde túsindiriń;
– temaǵa tiyisli jıl hám sánelerden mısal keltiriń. (Pikirlew – 22 ball)

| |
|---|
| Awızeki juwap |
| Ball: |

7. Ashtarxaniyler dinastiyası dáwirinde Buxara xanlıǵında siyasiy hám social-ekonomikalıq krizisler júzege keliwiniń sebep hám aqibetlerin túsindiriń.
– siyasiy hám social-ekonomikalıq krezislerdiń sebeplerin aytıń;
– oraylıq hákimiyat ıdırawınıń aqıbetlerin aytıp beriń. ;
– bar bolǵan jaǵday boyınsha alternativ sheshimlerińizdi aytıń;
– óz pikirlerinizdi karta járdeminde túsindiriń;
– temaǵa tiyisli jıl hám sánelerden mısal keltiriń. (Pikirlew – 22 ball)

| |
|---|
| Awızeki juwap |

| Ball: |
|---|

8. Iran shahi Nadirshahtiń Buxara ámirligi hám Xiywa xanlığına qarsı atlanısın ámelge asırıwǵa imkan bergen faktorlardı túsindiriń.
– Hár eki mámlekettiń Iran áskerlerine qarsı urısta jeńiliw sebeplerin aytıń. ;
– eki mámlekettegi siyasiy awhaldıń urısta jeńiliwde tutqan ornı haqqında aytıp beriń. ;
– bar bolǵan jaǵday boyınsha alternativ sheshimlerińizdi aytıń;
– óz pikirlerinizdi karta járdeminde túsindiriń;
– temaǵa tiyisli jıl hám sánelerden mısal keltiriń. (Pikirlew – 22 ball)

| Awızeki juwap |
|---|
| Ball: |

9. Buxara xanlıǵı hám ámirligi, Xiywa xanlıǵı hám de Qoqan xanlıǵınıń jáhán rawajlanıwınan úzilip qalıw sebeplerin túsindiriń.
– mámleketler basqarıwı hám siyasiy kelispewshiliklerdiń mámleket rawajlanıwına kórsetken unamsız tásirin aytıń. ;
– birden-bir ishki bazardıń joqlıǵı mámleketlerdiń rawajlanıwına tosqınlıq etkenligin túsindiriń;
– bar bolǵan jaǵday boyınsha alternativ sheshimlerińizdi aytıń;
– Buxara xanlıǵı hám ámirligi, Xiywa xanlıǵı hám Qoqan xanlıǵı shegaraların karta járdeminde túsindiriń. ;
– temaǵa tiyisli jıl hám sánelerden mısal keltiriń. (Pikirlew – 22 ball)

| Awızeki juwap |
|---|
| Ball: |

10. Buxara ámirligi, Xiywa xanlıǵı hám Qoqan xanlıǵınıń óz ara birlese almaǵanlıǵınıń sebepleri hám aqibetlerin túsindiriń.
– mámleketlerdiń birlese almaǵanlıǵınıń sebeplerin aytıń;
– ózara awqamǵa birlese almaǵanlıǵınıń aqıbetlerin túsindiriń;
– bar bolǵan jaǵday boyınsha alternativ sheshimlerińizdi aytıń;
– óz pikirlerinizdi karta járdeminde túsindiriń;
– temaǵa tiyisli jıl hám sánelerden mısal keltiriń. (Pikirlew – 22 ball)

| Awızeki juwap |
|---|
| Ball: |